# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–26 सितम्बर 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ के इंदिरा गांधी प्रतिष्ठान में आयोजित समारोह में प्रदेस कै तीनि लाख छानबे हजार से बेसी विद्यार्थियन के ओजीफा क धनरासि भेजलें। उनके मौजूदगी में विद्यार्थियन के खाता में नवासी दसमलव नौ छौ करोड़ क धनराशि भेजल गइल। येह मौका पर अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री कहलें कि बरिस दुइ हजार सोरह में अनुसूचित जाति आ जनजाति के छात्रन के ओजीफे नाहीं दीहल गइल रहे। बरिस दुइ हजार सतरह में उनकर सरकार आइलि त वित्तीय बरिस दुइ हजार सोरह–सतरह आ वित्तीय बरिस दुइ हजार सतरह–अठारहो क ओजीफा एक्के साथे प्रदेस क सज्जो लइकन के दीहल गइल। उहां के पिछड़ा वर्ग के विद्यार्थियन के उपलब्ध करावल जा रहल ओजीफो क जिकिरि कइलीं।

***सत्रह अठारह में हम स्कॉलरशिप देते थे सोलह सौ अड़तालीस करोड़ और आज पचीस छब्बीस में स्कॉलरशिप दोगुनी हो चुकी है लगभग यानी इकतीस सौ चौबीस करोड़ पैतालीस लाख रुपये का वितरण पिछड़े वर्ग के छात्रों को उपलब्ध करवाने की कार्रवाई की जा रही है।***

**********

गृह मंत्री अमित शाह आजु कुशीनगर जिला के ट्रांजिट विजिट पर पहुंचलें। येह दौरान ओइजा क सांसद विजय कुमार दुबे आ स्थानीय जनप्रतिनिधि अउर वरिष्ठ अधिकारी लोगि एयरपोर्ट पर उनकर स्वागत कइलें। एयरपोर्टे पर कुछु देर रूकले के बाद गृह मंत्री बिहार के बेतिया जिला खातिर रवाना हो गइलें।

**********

जनसेवा अउर सुसासन के मंत्र पर चलत प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में सरकार बदलाव अउर प्रगति ले आवे बदे अथक कोसिस कइ रहलि हौ 'सेवा पर्व' क येह बिसेस श्रृंखला में हमनी के आप लोगिन के बता रहल हईं कि कइसे मोदी सरकार इंटरनेट क्रांति के जरिया से संचार में बदलाव ले आ के पूरा भारत में गांवन, सहरन अउर लोगिन के जोड़ले हवे।

**भारत में ब्रॉडबैंड की पहुंच और अगली पीढी के मोबाइल नेटवर्क की तेज गति से डिजिटल क्षेत्र में क्रांतिकारी बदलाव आ रहा है। इसमें महत्वपूर्ण योगदान है भारत नेट परियोजना का, जो डिजिटली सबको जोड़ रही है और इसके अंतर्गत ब्रॉडबैंड इंटरनेट कनेक्टिवटी दो लाख 18 हजार से अधिक ग्राम पंचायतों तक पहुंच गई है। लगभग सात लाख किलोमीटर ऑप्टिकल फाइबर के साथ इस डिजिटल जीवन रेखा ने ई–शासन, शिक्षा और छोटे उद्यमों के द्वार सुदूर क्षेत्रों में भी खोल दिए हैं। नरेन्द्र मोदी सरकार के सतत प्रयासों के कारण भारत मोबाइल डेटा के मामले में दुनिया के सबसे किफायती देशों में से एक बनकर उभरा है। 2014 के मुकाबले इंटरनेट डेटा की कीमतों में लगभग 97 प्रतिशत की कमी आई है। इसके साथ ही 5 जी कनेक्टिविटी के आने से भी बड़ा बदलाव आया है। विष्णु की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से प्रियंका अरोड़ा।**

**********

अगिला पीढ़ी क जीएसटी सुधार देस क अप्रत्यक्ष कर प्रणाली के सरल बनवले के दिसा में एगो खास कदम हौ। अब लोगि जीएसटी सुधारन क लाभ उठा सकिहें, जवन येह महिन्ना के बाइस तारीख से लागू हो गइल बा। एगो रिपोर्ट–

***अगिला पीढ़ी क जीएसटी सुधारन में नोटबुक, ग्राफ बुक, सार्पनर, पेंसिल जइसन स्टेसनरी समानन के पुरहर तरीका से कर मुक्त कइ दीहल गइल हौ। येह क्षेत्र में कर में कटउती से छात्रन पर आरथिक बोझ कम होई, जेहसे ई उत्पादन अउरियो किफाइती हो जाई। पचीस सौ रूपिया से कम दाम के जूतो पर येही तरह क छूट दीहल गइल बा। सरकार लकड़ी पत्थर अउर धातु से बनल मुरतियनों पर कर क दर घटा के पांच फीसदी कइ दीहले बा, जवन पहिले बारह फीसदी दर क हिस्सा रहे। आकाशवाणी दिल्ली से शिवांग और सौम्या शरण के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

निर्वाचन आयोग चुनावन में पारदर्सिता अउर दक्षता बढ़ावे बदे डाक मतपत्रन क गिनती प्रक्रिया में खास बदलाव कइले हौ। एगो रिपोर्ट–

***अभी तक ईवीएम की गिनती डाक मतपत्रों की गिनती से अलग होती थी, यह कभी–कभी डाक मतपत्रों की पूरी गिनती होने से पहले ही समाप्त हो जाती थी। इससे प्रक्रिया में एकरूपता को लेकर भ्रम और प्रश्न उठते थे।इस समस्या के समाधान के लिए निर्वाचन आयोग ने यह अनिवार्य कर दिया है कि ईवीएम अथवा वीवीपैट की गिनती का दूसरा–अंतिम दौर सभी डाक मतपत्रों की गिनती के बाद ही शुरू होगा। इससे मतगणना की दोनों विधियों के बीच एकरूपता सुनिश्चित होगी और विसंगति की आशंका समाप्त हो जाएगी। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता***

**********

सारदीय नवरातर क पंचवां दिन्ने आजु मां दुर्गा के स्कंदमाता स्वरूप क पूजा–अर्चना कइल जा रहल बा। येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सोसल मीडिया पोस्ट के जरिया से सुभकामना देत माता से सज्जो भक्तन के सुख, समृद्धि अउर सौभाग्य खातिर कामना कइले हवें। हमरे बनारस प्रतिनिधि बतवलें कि ओइजा क प्राचीन बागेश्वरी मंदिर में ढेरि संख्या में भक्त आजु मां स्कंदमाता क दरसन–पूजन कइलें।

**********

भारत ए क क्रिकेट टीमि लखनऊ के इकाना स्टेडियम में चलि रहल दुसरका चारि दिवसीय मैचन के श्रृंखला के एक–सुन्न से जीति लिहले हौ।

**********